



Chè vwazen,

Pandan sezon fredri a ap pwoche, li lè pou nou pare n pou nèj, glas, ak tanperati ki frèt. Gid sa a pral ede ou menm ak fanmi w, zanmi w yo, ak vwazen w yo prepare pou ivè a k ap rive. Se yon responsabiltè kolektif pou nou kenbe kominote a an sekirite. Anndan dokiman sa a, w ap jwenn konsèy sou fason pou kolabore avèk vwazen w, pwopriyete biznis, ak ajans ki nan Vil la pou kenbe vil ak twotwa yo san danje pandan ivè sa a.

Epitou, nou dwe voye je sou zanmi ak vwazen yo—espesyalman rezidan ki gen plis chans pou fredri a afekte li gen ladan l moun ki pi aje yo, moun ki gen gwo pwoblèm sante, ak vwazen ki pa gen kote pou yo rete.

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon ki pa yon ijans, rele nan 3-1-1. Pou w jwenn èd an ijans, rele 9-1-1 tousuit.

Konsève gid sa a oswa pataje l avèk yon moun ki bezwen l.

Mwen swete ou gen yon ivè ki san danje epi kote ou rete an sante!



Michelle Wu
Majistra Boston

GID POU SEZON IVÈ 2023-2024

CITY of **BOSTON**

NIMEWO TELEFÒN KI ENPÒTAN

Pou ijans yo, rele nan 9-1-1

Pou apèl ki pa ijans yo, rele nan 3-1-1 oswa 617-635-4500

Dlo ak twou ego nanBoston:
617-989-7000

Eversource:
800-592-2000

National Grid Gas:
800-322-3223

Verizon:
800-837-4966

ABCD Fuel Assistance
(Asistans nan Kesyon Gaz ABCD):
617-357-6012

DCR:
617-626-4973


MassDOT:
857-368-6111

MBTA:
617-222-3200

GID POU SEZON IVÈ 2023- 2024

Pou rete enfòme sou sitiyasyon ijans ki gen rapò ak nèj, entèdiksyon pou kanpe machin, reta nan lekòl ak anilasyon yo:

- Vizite [boston.gov/snow](https://www.boston.gov/snow)
- Suiv @CityofBoston
- Pou w kapab jwenn alèt pou vil la, enskri sou [boston.gov/alerts](https://www.boston.gov/alerts)
- Telechaje aplikasyon Boston 311 sou telefòn ou



Gid sa disponib sou [boston.gov/snow](https://www.boston.gov/snow) nan:

Español | Spanish

简体中文 | Simplified Chinese

繁體中文 | Traditional Chinese

Kreyòl ayisyen | Haitian Creole

Português | Brazilian Portuguese

Soomaali | Somali

Kriolu | Cabo Verdean Creole

Русский | Russian

Français | French

Tiếng Việt | Vietnamese

العربية | Arabic

CITY of **BOSTON**

DEBLEYE TWOTWA YO

Nou mande rezidan ak pwopriyetè biznis pou yo deblye nèt, nèt ki fonn, ak glas ki sou twotwa ak ranp pou pyeton ki tou pre pwopriyete ou a. Apre yon tanpèt, ou gen obligasyon pou netwaye zòn sa yo:

- nan delè 3 èdtan ki vini apre nèt la fin tonbe, oswa
- 3 èdtan apre solèy la leve si nèt la tonbe pandan tout nuit la.

Retire glas ki nan espas pou mache a oswa mete 1 nan nivo ki pi ba ki posib la. Twotwa yo dwe netwaye pou kreye yon espas ki omwen 42 pous lajè pou pèmèt moun ki gen chèz woulant ak pousèt yo pase.

Divizyon pou Aplikasyon Kòd (Code Enforcement Division) ap bay rezidan ak pwopriyetè biznis yo amann si yo pa respekte règ sa yo. Yo kapab bay amann chak jou jiskaske nou korije vyolasyon an.

Men amann nou bay pou twotwa ki pa netwaye yo:

- Pwopriyete komèsyal: \$200
- Pwopriyete rezidansyèl, 16 oswa inite: \$100
- Pwopriyete rezidansyèl: \$50

JERE WOUT KI GEN NÈJ YO

Ede nou kenbe wout yo ouvè pou machin k ap retire nèt la ak machin ijans yo pandan n ap pake ak omwen 20 pye pa rapò ak entèseksyon yo ak omwen yon pye pa rapò ak sou kote twotwa a. Pa bloke twotwa yo, tiyo dlo pou dife, ranp, pis pou bisiklèt, rantrè kay prive, oswa wout lan avèk machin ou an.

Lè gen ijans pou nèt, gen rabè pou paking ki disponib nan garaj yo lè w gen yon tikè paking pou rezidan. Rabè pou paking nan kòmanse de (2) èdtan anvan yon ijans pou nèt kòmanse, epi li fini de (2) èdtan apre. Nou pa otorize paking nan apremidi oswa pandan lannuit nan paking Lekòl Piblik Boston pandan evènman lè gen nèt.

Verifye boston.gov/snow pou jwenn enfòmasyon sou kote ou kapab kanpe machin ou lè gen ijans pou nèt. Nou gen enfòmasyon sou rabè pou garaj.

RETE CHOFE EPI RETE AN SANTE

Mounki lwe kay:

Ou gen pwoblèm chofaj? Premye bagay, avèti moun ki lwe w kay la. Si moun ki lwe w kay la, pa reponn, rele **3-1-1** pou depoze yon plent.

Moun ki se pwopriyetè kay:

Ou bezwen èd pou peye pou chofaj la? Aplike pou èd atravè Pwogram Èd pou Enèji nan Kay mou ki Gen Revni ki Ba nan Eta a. (State's Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP). Vizite boston.gov/home-heating oswa rele nan **617- 357-6012**.

Enfòmasyon pou tout moun:

- Pa janm itilize fou w pou jwenn chalè.
- Chofaj ki pou espas yo ka lakòz dife, pou rezon sa pa mete yo bò rido oswa bagay ki ka pran dife. Pa bliye etenn li anvan w al dòmi.
- Netwaye espas pou lè rantre a pou evite anpwazònman ak monoksid kabòn.
- Verifye si detektè pou monoksid kabòn ak detektè lafimen an ap fonksyone.

Inite yo dwe chofe a:

68° Soti 7 a.m.- 11 p.m.

64° Soti 11 p.m.- 7 a.m.

FATRA AK RESIKLAJ

Lè gengen gwo tanpèt nèt, ranmasaj fatra ak resiklaj yo ka anile. Anpil fwa gwo tanpèt nèt kapab lakòz reta nan sèvis yo, pou rezon sa n ap mande kowoperasyon ak pasyans ou.

Pou wè orè resiklaj ak ranmasaj fatra sou katye ou an ,epi pou wè ki atik ki kapab resikle nan Vil Boston, tanpri:

- vizite boston.gov/trash-day
- telechaje aplikasyon Trash Day, oswa
- rele nan **3- 1-1**


Ekip yo gen difikilte pou yo rive atenn gwo bwat fatra ak bak resiklaj nou mete dèyè ban nèt yo. Tanpri netwaye zòn sou kote twotwa pou ranmase fatra, oswa mete bwat yo bò kote oswa devan ban nèt yo.

N ap kolekte abdenwèl pou fè konpòs soti 1ye pou rive 12 janvyè. Pa mete yo nan sachè plastik. Tanpri retire pye pou abdenwèl la kanpe a ak dekorasyon yo. Si w gen de (2) jou pou resiklaj, n ap kolekte abdenwèl yo nan premye jou resiklaj semèn lan. Mete pyebwa a sou kote twotwa a anvan 6 a.m.

Mèt ki nan pakin yo ap toujou fonksyone pandan ijans pou nèt yo.

Kite estikèz pou pakin rezidan an vizib nan delè 24 èdtan apre tanpèt la fini.

N ap ba ou tikè epi n ap remòke machin ou si w pake nan yon espas ijans pou nèt pandan yon peryòd ijans ki deklare.



Netwaye tout nèt yo nan yon distans yon pye ak moflè machin ou an anvan ou demare machin ou an.

Retire ekonomizè espas yo nan delè 48 èdtan apre yo leve alèt pou nèt la. Tanpri sonje: nou pa otorize ekonomizè espas nan South End oswa Bay Village.